



Konsiy: 1) li entèdi pou gen selilè nan sal la
2) ou pa gen dwa pale nan sal la

JEDEYON MOURI

Solèy kouche. Lapli kare tonbe. Doulè fini krase manm Jedeyon; li blayi tou rèd sou yon kabann dekovil. Li pa janm pale denpi twa jou; je li bata fèmen.

Rita chita lan papòt chanm nan ap veye; li pase mwaye nwit, somèy bwote li. You bourèt rèv trennen li jouk Ravin Sèch. Li vòltije benyen lan granrivyè, plonje nan lanmè, woule ponpe danse lan sab ak Lasirèn, pwonmennen gade anndan you palè bade limyè tout koulè. Rita chavire tonbe lan yon rado rèv makònen youn nan lòt. Rive yon lè, de kòk lan katye a tanmen souffle pouse twoke kout klewon. Rita pantan sou do lasirèn dyaman; you lanm lanmè rape bwote vire tèt li lwen. Li reveye sezi; figi li mouye antranp ak swè. Li leve mache...pwoche kanpe bò kabann nan. Kò Jedeyon lonje tou rèd. Rita gade, pale, souke, manyen. Tonton Jedeyon pa brannen; kò li fret pase nen chen lan seren. De ran dlo pran kouri desann lan je Rita. You lòt moman, li louvri tout pòt ak fenèt. Farinay lapli yenyen lan lari. Figi tan an mare mòksis anba you solèy grimo k ap redi grenpe monte kanyen kanyan lan yon syèl pachiman. Rita pouse yon rèl pike. Anvan chat pran tiwèl li, vwazinay sanble. You grap moun gen tan viwonnen kabann Jedeyon, men lan machwa, figi frijèt. Trapde, kay debarase vide netwaye lave seche pare pou marechal lanmò. Apre dènye priyè, Rita tounen Bwanèf, kay Alibe, kouzen defen papa li. Baryè mare, fenèt koule, pòt kondanèn, vye chanmòt la rete pou kont li.

Dezafi, pp 267-269

Premye pati

A) Konpreyansyon tèks

- 1.- Ki sa ki reveye Rita nan fon somèy?
- 2.- Lè Rita fin kriye, ki sa li fè?
- 3.- Rezime nan 2 fraz jan Rita t ap pran plezi li nan rèv la lè dòmi fin bwote li apre minwi.
- 4.- Bay tip tèks la epi jistifye repons ou bay la.
- 5.- Eskplike yon etranje ki pa konn kreyòl ki jan syèl la te ye apre lanmò Jedeyon.

B) Gramè – Vokabilè – Tradiksyon

- 1.- Jwenn nan tèks la yon vèb seryèl ki gen pi piti 5 vèb nan seri a epi konpoze fraz pa ou ki gen vèb seryèl.
- 2.- Konstwi yon chan leksikal ki gen 10 mo ki pa nan tèks la men ki rantre nan tèm prensipal otè a trete a.
- 3.- Tradui fraz sa a an franse.
 - Figi tan an mare mòksis anba you solèy grimo k ap redi grenpe.

- 4.- Prezante fraz sa a sou fòm grafik li (Reprezantasyon grafik): Apre dènye priyè, Rita tounen Bwanèf, kay Alibe, kouzen defen papa li.

- 5.- Men yon fraz: Kò li frèt pase nen chen nan seren.

Ki figi estil otè a anplwaye la a. kontwi 3 lòt fraz ki gen menm estrikti a.

Dezyèm pati

Ch) Pwodiksyon tèks

Chwazi youn nan sijè sa yo

- I- Nan kilti peyi a, lè you moun mouri nan pwovens, yo veye kadav la. Nan vèy la, gen anpil mèt chantè ki konn konpoze tèks. Konpoze yon tèks pwezi ki gen non Jedeyon ladan li pou ou eksplike fason li t ap viv ak karaktè li (Sekans deskriptif).

- II- Konstwi yon tèks agimantatif pou ou bay opinion pèsònèl ou sou lanmò. Tèks sa a dwe gen yon sekans naratif ki montre pouvwa lanmò sou lòm e pèsòn pa ka kache pou li.